

22 janvyè, 2021

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston :

Mwen espere ke nou tout an sekirite e an bòn sante. Semèn sa a nou te selebre lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jinyò, epitou nou te wè inogirasyon 46yèm Prezidan nou oz Etazini, Joe Biden. An menm tan tou nou te temwen Kamala Harris ki t ap prete sèman kòm premye ameriken nwa, premye moun azyatik sid, ak premye fanm ki vin devni Vis Prezidan Etazini. Mwen konnen ke plizyè nan edikatè nou yo ap diskite moman enpòtan sa a avèk elèv yo, e mwen ankouraje w pale avèk pitit ou yo tou konsènan evènman istorik remakab sa a.

Retoun nan Aprantisaj an Pèsòn

Lekòl Piblik Boston (BPS) te fè yon anons semèn pase konsènan kalandriye ki etabli pou akeyi plis elèv nan aprantisaj an pèsòn nan. Ou kapab jwenn kalandriye sa a anba a. Kòm yon rapèl, nou te voye kominikasyon dirèk bay fanmi yo sou modèl aprantisaj nou genyen make nan dosye nou selon repons yo te bay pandan ete a (aprantisaj swa aleka oswa ibrid). Pou elèv ki prefere modèl ibrid la, nou enkli tou kèk deziyasyon gwoup (Gwoup A oswa Gwoup B) ak ki jou nan semèn nan chak elèv ap prezan an pèsòn, selon orè suivan yo :

- **Semèn 1ye Fevriye** : Tout elèv ki kalifye pou priyorite aprantisaj an pèsòn
- **Lendi, 1ye Mas ak Jedi, 4 Mas** : Elèv ki nan klas matènèl K0 jiska klas 3yèm ane (Gwoup A ak B)
- **Lendi, 15 Mas ak Jedi, 18 Mas** : Elèv ki nan klas 4yèm jiska 8yèm ane (Gwoup A ak B)
- **Lendi, 29 Mas ak Jedi, 1ye Avril** : Elèv ki nan klas 9yèm jiska klas 12yèm ane (Gwoup A ak B)

Tout fanmi genyen opsyon sa a pou yo mande pou yon chanjman nan preferans modèl aprantisaj yo ; fason yo kapab fè sa se rele lekòl pitit yo a, oswa ranpli [fòmilè entènèt nou an](#) ki disponib nan 10 kalite lang. Ou dwe soumèt demann yo pa pi ta ke **vandredi, 29 janvyè**. Fanmi elèv sila yo k ap aprann an pèsòn nan moman sa a kapab fè yon demann pou yo chanje modèl aprantisaj pitit yo tou. **Chanjman yo ap antre an vigè 1ye mas**. Lekòl ou a ap kontakte w avan 1ye mas pou konfime avè w ke yo te akòde demann chanjman w lan, osinon avèti w nan kèk sityasyon rar ke yo pa t kapab akòde chanjman an.

Genyen 2 bagay pou n note :

1. Si w satisfè avèk modèl aprantisaj pitit ou a nan moman sa a, lekòl ou a deja genyen enfòmasyon sa a, e ou pa bezwen fè anyen nan moman sa a.
2. Demann modèl aprantisaj yo **pa granti** e yo depann de sityasyon transpòtasyon yo ak kapasite lekòl yo.

Pou fanmi sila yo ki genyen kesyon sou dat delè yo pou reouvèti a, nou ankouraje yo asiste youn nan sesyon enfòmasyon vityèl yo sou reouvèti a, jedi pwochen, 28 janvyè, a 5:30 nan laprè midi. N ap genyen sèvis entèpretasyon disponib nan plizyè lang. Enskri pou sesyon enfòmasyon an epi soumèt kesyon w yo [isit nan lyen sa a](#).



Vaksen Grip

Depatman Sante Piblik Eta Massachusetts la resaman te anonse ke ane skolè sa a y ap retire egzijans vaksinasyon grip la pou elèv yo. Byenke yo retire egzijans sa a pou eta a kapab bay priyorite a planifikasyon ak distribisyon vaksen COVID-19 yo, ane sa a l vin pi enpòtan ke jamè pou n resevwa yon vaksen grip pou n pwoteje kominote nou yo kont grip, epi ede redui chay lopital lokal yo k ap manye ka pandemi COVID-19 yo. Chak lekòl genyen yon enfimyè apentan disponib pou ba w sipò si toutfwaw ta genyen kèk kesyon oswa enkyetid konsènan vaksen grip la osinon kèk lòt pwoblèm sante.

Vaksen COVID-19 la

N ap suiv pwogrè distribisyon vaksen COVID-19 yo nan Boston. N ap kenbe yon kontak sere avèk Komisyon Sante Lekòl Piblik Boston an (BPHC) pandanke y ap finalize plan an. BPHC ap genyen yon sesyon enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la pou rezidan sila yo ki pale espayòl, jou jedi, 28 janvyè, apati 5:00 jiska 6:00 nan laprè midi. Ou kapab enskri pou sesyon an nan [lyen sa a](#).

Tès, Rapòtaj, ak Rechèch Kontak COVID-19

Tout manm pèsònèl k ap pral nan bilding lekòl yo genyen aksè a tès COVID-19 gratis, swa nan lekòl yo, oswa toupre lekòl yo. Manm pèsònèl yo resevwa yon imel chak semèn ki gen ladan l enfòmasyon ki esplike yo kòman yo kapab jwenn aksè a tès yo. Epitou n ap kòmanse tès pou elèv ki nan klas 9yèm jiska 12yèm ane. Fanmi yo te resevwa yon mesaj Lekòl Piblik Boston (BPS) konsènan patisipasyon elèv yo nan pwogram sa a, k ap gratis, volontè, e konfidansyèl (prive).

N ap rapòte tout ka pozitif COVID-19 ke n dekouvri pami elèv ak manm pèsònèl ki ale nan bilding lekòl yo. Ou kapab jwenn rapò ajou sou sa sou sit entènèt : bostonpublicschools.org/coronavirus. Dirijan lekòl yo ap voye yon mesaj bay kominote lekòl yo lòske genyen ka konfime nan lekòl yo. Sèvis Sante BPS yo kowòdone tout sansibilizasyon avèk BPHC (Komisyon Sante Piblik Boston) pou kontakte nenpòt moun ki te ekspoze a yon moun ki te genyen yon ka pozitif konfime, pou ba yo kèk gidans konsènan pwochèt etap yo kapab pran ak aksè swen ki disponib pou yo.

N ap kontinye ba w mizajou yo sou pwogrè n ap fè pou n akeyi plis elèv nan bilding lekòl nou yo. Mèsi pou patenarya kontinyèl ou.

Ansanm an solidarite,



Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan